

# Pou Founisè Swen Sante Massachusetts yo:

## Enfòmasyon konsènan Mizanplas Lwa sou Imigrasyon, Aksè nan Swen ak Pwogram Asistans yo.



ANDREA JOY CAMPBELL  
ATTORNEY GENERAL

Pa gen Okenn òdonans egzekitif ki entèdi (oswa ta ka entèdi) founisè swen sante yo pou yo ofri sèvis bay tout rezidan, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo oswa anpeche pwoteksyon enfòmasyon prive pasyan yo, jan lalwa egzije sa.

### Konprann Aksè nan Enfòmasyon Pasyan ICE la genyen.

- Enfòmasyon sante ki pwoteje (PHI) jwenn pwoteksyon lwa federal ak Eta a, ki gen ladann Lwa Asirans Sante sou Transferabilite ak Responsabilite (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA).
- Founisè swen sante yo **pa ka** bay ofisyèlapolis yo PHI, eksepte nan sèten sikonstans limite.

### Prepare pou Aktivite Posib ICE pou Mizanplas Lalwa Imigrasyon.

Kisa pou w fè:

- Rezève zòn ki prive** andedan etablisman an ki fèmen pou piblik la.
- Pwoteje enfòmasyon ki sansib yo** lè w pwoteje yo pou piblik la pa ka wè yo epi asire w ke konvèsasyon yo rete prive.
- Deziyen yon manm estaf la** ki responsab pou kominike ak ICE oswa lapolis.

**Etap pou fè si ICE mande aksè nan yon pasyan oswa nan zòn kote yo bay pasyan yo swen:**

- Mande non, nimewo idantite epi pou ki ajans ofisyèl a travay.
- Mande wè yon **manda jidisyèl oswa yon òdonans tribinal**. Si yo pa ba w li, ou pa bezwen aksepte pou yo fouye zòn ki prive yo.
- Enfòmasyon ofisyèl a: se pa anpeche w ap eseye anpeche yo fè travay yo; ou pa otorize pou reponn demann la; ou dwe kontakte pèsòn kontak ki apwopriye a ak yon avoka anvan ou ka ba yo aksè.
- Kontakte avoka ki apwopriye a pou revize dokiman yo ak yon moun yo te deziyen pou sa nan estaf la.
- Mande ofisyèl a pou li rete tann deyò jiskaske ou reyisi kontakte yon avoka epi/oswa moun nan estaf la ki te deziyen pou sa.

*Sonje: Si yo prezante w yon manda oswa dokiman yon tribinal bay, manm estaf la ki deziyen pou sa ak avoka a ta dwe konfime ke manda a: (1) se yon manda jidisyèl ki valab; (2) se yon jij oswa **yon jij majistra ki siyen li**; (3) li endike **non** moun y ap chèche a oswa **adrès** lokal yo dwe fouye yo; (4) si sa apwopriye, ke y ap eseye egzekite li pandan **peryòd tan** ki make sou manda a.*

### Aksè nan Pwoteksyon Asirans Swen Sante ak Pwoteksyon Asirans Leta bay:

- Founisè yo **pa** oblije poze kesyon konsènan sitiyaasyon imigrasyon oswa sitwayènte epi yo gendwa bay tout moun swen, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon oswa sitwayènte yo.
- Depatman ijans yo **oblije** bay sèvis depistaj ijan ak estabilizasyon san yo pa poze kesyon konsènan imigrasyon, sitwayènte oswa si yo gen asirans.
- Daprè politik federal aktyèl la, si yon moun resevwa avantaj ki pa bay lajan kach, sa **pa** enpakte stati imigrasyon moun lan.
  - Egzanp: Medicaid (MassHealth) (ki pa pou swen nan mezon retrèt), CHIP (Pwogram Asirans Sante pou Timoun), Health Safety Net / asirans sante atravè Health Connector, SNAP (Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplemantè).

### Kontakte Biwo Pwokirè Jeneral la:

Si ou gen plis kesyon toujou oswa ou bezwen plis èd, ou gendwa rele nan (617) 963-2917.